

## Règ sou kondwit seksyèl pou travayè imanité yo

**Yo ka disipline – oswa menm revoke – travayè imanité pou konpòtman inakseptab nan sa ki gen pou wè ak sèks.** Piba la a se règ yo sipoze respekte :

- Travayè imanité yo **pa dwe antre nan relasyon seksyèl ak ankenn moun ki genyen pi piti laj pase 18 lane menm lè sa legal nan peyi yo.** Lefèt ke yo di yo pat konnen laj moun nan pa yon eskiz valab.
- Travayè imanité yo **pa gen dwa peye moun lajan, bay yo travay, byen oswa sèvis pou fè sèks ak yo** – sa genyen ladann bay machandiz ak sèvis ki la pou sipòte moun ki nan bezwen. Yo pa ta dwe sèvi ak pwomès bagay sa yo pou fè lòt moun aksepte ankenn konpòtman ki imilye oswa eksplwate yo. Sa genyen ladann peye oswa ofri lajan pou fè sèks ak yon pwostitiye.
- Travayè imanité yo genyen enfluyans sou moun k ap resevwa machandiz ak sèvis. Sa mete yo nan yon pozisyon pouvwa parapò ak moun ki bezwen èd yo. Pou rezon sa a, òganizasyon imanité **ankouraje anplwaye yo ak fòs yo pou pa antre nan relasyon seksyèl ak ankenn moun ki nan yon sitiyasyon** ijans imanité. Relasyon konsa fè aksyon imanité yo parèt mwens onèt ak mwens kredib.
- Si yon travayè imanité gen **enkyetid oswa sispèk** ke nenpòt moun nan òganizasyon yo oswa lòt òganizasyon èd gendwa ap vyole reg imanité sou kondwit seksyèl yo, yo **dwe swiv pwosedi** ajans lan fikse yo pou pote plent pou sa.
- Travayè imanité yo **dwe kreye epi kenbe** yon anviwònman travay ki anpeche konpòtman seksyèl inakseptab epi ankouraje anplwaye yo pou konpòte yo jan **kòd kondwit** la etabli sa. **Tout chèf pwojè** responsab pou sipòte ak devlope sistèm ki kenbe anviwònman sa a.

Prensip IASC sou eksplwatasyon seksyèl ak abi disponib la a:

[http://www.pseataaskforce.org/uploads/tools/sixcoreprinciplesrelatingtosea\\_iasc\\_english.doc](http://www.pseataaskforce.org/uploads/tools/sixcoreprinciplesrelatingtosea_iasc_english.doc).

Vèsyon langaj senp sa a te fèt gras ak kolaborasyon ant IASC Task Team pou Popilasyon ki Afekte. Pou Pwoteksyon kont Eksplwatasyon Seksyèl ak Abi. Tradiktè san Fwontyè.